Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 14 (7363)
28 Март 2019 сон
Хамиз
sadovoduns@yandex.ru
Багъа 7 гъурущ

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

## РДялъул БетIерасул ХитIабалда тIадчIей гьабуна



Халкъияб Собраниялде РДялъул Бет1ерас гьабураб ХитIабалъул хIакъалъулъ гьадинаб пикру загьир гьабуна районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовас: ХIакъикъиял масъалабазда хурхун БетIерас жакъа нилъеда цере лъун руго щивас жиндирго хъулухъалъулал ишал тIуралаго гьабулеб ишалдехун жавабчилъи борхизаби. Жибго Послание буго бичIчIизе бигьаяб, гIадатияб, щибго бахчичIеб, киналго приоритетал кьварун цере лъурал.

Жиндирго ХитIабалда Владимир ГIабдугIалиевичас кIвар кьун бихьизабуна нилъер республикаялъул киналго бутIаби, рахъал, церетIезаризе ккей. ХIакъикъаталдаги нилъер щивасда бичIчIулеб буго гьедин гьабичIого цойги батIияб нух гьечIолъи.

Щивав республикаялъул гIумро гьабулесда бихьулеб буго В. ГIабдугIалиевич бетIерлъуде вачIаралдаса хадуб бюджет пайдаяб куцалда харж гьабиялде кIвар кьураблъи, гьединго гьес тIадчIей гьабуна щибал бутIабазда гьаб соналъе гьеб битIун лъеялде. Гьелъ букIинеселде божилъиги бачIунеб буго.

РакIалда чIезабизе ккола нилъер Правительствалъ федералияб Централъулгун цадахъаб хIалтIиги бачун, хIалтIи цIияб качественнияб гIумро гьабиялъул даражаялде бахинабураблъи. Гьединго хIисабалде босизе ккола кадровиял суалал тIуралаго бачунеб бугеб рагьараб политика, гьелдалъун хIалтIуда лъай-махщел бугел гIолилал рачIунел рукIин. В. ГIабдугIалиевичас абухъего «Конкурсалъул хIисабалда управлениялъул жавабиял хIалтIабазде рачIана 42 махщел бугел специалистал. Гьеб рахъалъ хIалтIи жеги гьабизе буго»,- ян бихьизабуна гьес.

Дица рикIкIуна нилъер щивасул масъала кколин жинди-жиндир хIалтIи гIуцIи гIужилго цере масъалабиги лъун, РДялъул БетIерас бихьизабухъе гIуцIизе кколин. Гьелъ дагъистаниязул гIумроялъул даражаги борхизе буго

## Педагогаз лъай борхизабуна



Гьал къоязда районалда ракIал де рахъана учительзабазул квалификация борхизабиялъул лъабго къойилал курсазул хIалтIи. Лъай кьеялъул отделалъул хIаракаталдалъун араб соналъул декабралдаса бахъараб гьаб соналъул марталде щвезегIан унел рукIана гьел курсазда цIали Шамильхъалаялъул школалда.

Курсал унел рукIана «Актуальные педагогические технологии обучения в условиях реализации ФГОС в объеме I86 часов»,- абураб рамкаялда. Гьедин районалдаса I49 учителас борхизабуна лъай.

Педагогаз баркала загьир гьабулеб буго хьвадулел курсал гIуцIаразе, ДИРОялдасан районалъул курсазе кумек гьабурай куратор М. ХIайдаровалъе ва киналго специалистазе гIелмияб лъай щвезе рес кьуралъухъ.

Культура

## «Росдал культура – шагьаралъе»



Культураялъул къоялъул хIурматалда гьаб соналъул 22 марталда республикаялъул Миллияб библиотекаялда Унсоколо районалъул культураялъул отделалъ тIо-битIана республикаялъул «Культура села – городу»,- абураб проекталда рекъон тадбир. Гьеб ишалъулъ жигараб бутIа лъуна Миллияб библиотекаялъги.

Тадбиралда хIурматиял гьалбаллъун рукIана Миллияб библиотекаялъул директор ГIали ГIалиев, ЦIадаса ХIамзатил цIаралда бугеб Авар музыкалиябгун драматургиялъул театралъул директор М-Р. МухIамадрасулов, Россиялъул халкъияв художник – искусствалъул мустахIикъав хIаракатчи ХI. ГъазимухIамадов, искусствалъул мустахIикъав хIа-ракатчи А. ГIамирханов, Россиялъул хъвадарухъабазул союзалъул член ГI. Малачиева, «АхулгохI» фондалъул президент Гъ. ГIабдулаев, историк-краевед ХI. Ибрагьимов, Унсоколо районалъул ЕИСалъул нухмалъулев М-Н. ХIайбулаев, поэт ХI. ДарбишхIажиев ва цогидалги.



Тадбир рагьана Миллияб библиотекаялъул директорасул зам. С. ЖабрагIиловалъ. Гьелъ киназдаго баркана тIаде щолеб Культураялъул хIалтIухъанасул Къо. Къокъго бицана «Культура села – городу» абураб проекталъул ва рагIи кьуна Унсоколо районалъул росабазда гьоркьосеб библиотекаялъул директор ГI. ГIабдурахIмановалъе. Гьединго баркиялъул каламгун кIалъазе вахъана Унсоколо районалъул культураялъул отделалъул нач. ГI. ГIабдулаев.

ГIемерал хинал рагIаби абуна гьеб къоялъ Унсоколо районалъул хIакъалъулъ. Гьеб къоялъ гьалбадерица ракIалде щвезаруна районалъул церехъаби: имамал Шамиль, ГъазимухIамад, цIар рагIарав революционер М. Дахадаев - МахIачхъалаялда жиндир цIар лъурав, цIалана цойги релъарав жеги вахъинчIев поэт ХъахIабросулъа МахIмудил кучIдул.

Ансадерил цIулада ишан чIваялъул махщалил балъголъабазул бицана жиндирго кIалъаялда ХI. ГъазимухIамадовас. Залалда гIуцIун букIана гьезул махщалил тIагIалабазул выставка. Гьелъул мастер-класс бихьизабуна М-ГI. МухIамадгIалиевас. Гьединго залалда выставка гIуцIун букIана районалдаса рахъарал поэтал – хъвадарухъабазул асаразул ва цогидалги литературиял хазинабазул.

Тадбиралда гьоркьо-гьоркьор цере рахъана культураялъул отделалъул хIалтIухъаби, РДялъул мустахIикъал артистал ТI. ГIумаров, М. ХIадисов, П. МухIамаева, Р. ХIадисова, Ш. Мусаева, П. МухIамадова, «Унцукуль», «Горянка» ансамблял. Гьел ккола ХI. МухIамадовасул цIаралда бугеб Унсоколо искусствалъул школалъул тарбия щварал.

Тадбир интересаб куцалда ана.

Зарегистрованы изменения в Устав Управлением Министерства юстиции РФ по РД 05.03.2019 г., Государственный регистрационный № RU 55340002019001

# Республика Дагестан
# Унцукульский район
## Собрание депутатов муниципального района

368950 Республика Дагестан Унцукульский район пгт. Шамилькала, ул. М. Дахадаева 3, тел. 55-62-87

### РЕШЕНИЕ

**№89**
**о внесении изменений и дополнений в Устав муниципального образования «Унцукульский район»**

от 30 января 2019 года пос. Шамилькала

С целью приведения Устава муниципального образования «Унцукулький район» в соответствии с Федеральным законом от 06.10.2003 №131-ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации» (в редакции Федерального закона от 03.07. 2018 г. №189-ФЗ, от 29.07.2018 г.№244-ФЗ, от 03.08.2018 г.№307-ФЗ, от 03.08.2018 г.№340-ФЗ), 30.10.2018 г.№382-ФЗ, 30.10.2018 г.№387-ФЗ и законами Республики Дагестан, Собрание депутатов муниципального района «Унцукульский район»

**РЕШАЕТ:**

I. Внести следующие изменения и дополнения в Устав муниципального образования «Унцукульский район»:

Пункт 16 части 1 статьи 6 дополнить словами:

«, направление уведомления о соответствии указанных в уведомлении о планируемом строительстве параметров объекта индивидуального жилищного строительства или садового дома установленным параметрам и допустимости размещения объекта индивидуального жилищного строительства или садового дома на земельном участке, уведомления о несоответствии указанных в уведомлении о планируемом строительстве параметров объекта индивидуального жилищного строительства или садового дома установленным параметрам и (или) недопустимости размещения объекта индивидуального жилищного строительства или садового дома на земельном участке, уведомления о соответствии или несоответствии построенных или реконструированных объекта индивидуального жилищного строительства или садового дома требованиям законодательства о градостроительной деятельности при строительстве или реконструкции объектов индивидуального жилищного строительства или садовых домов на земельных участках, расположенных на соответствующих межселенных территориях, принятие в соответствии с гражданским законодательством Российской Федерации решения о сносе самовольной постройки, расположенной на межселенной территории, решения о сносе самовольной постройки, расположенной на межселенной территории, или ее приведении в соответствие с установленными требованиями, решения об изъятии земельного участка, не используемого по целевому назначению или используемого с нарушением законодательства Российской Федерации и расположенного на межселенной территории, осуществление сноса самовольной постройки, расположенной на межселенной территории, или ее приведения в соответствие с установленными требованиями в случаях, предусмотренных Градостроительным кодексом Российской Федерации»;

2. Часть 1 статьи 7 дополнить пунктом 14 следующего содержания:

«14) осуществление мероприятий по защите прав потребителей, предусмотренных Законом Российской Федерации от 7 февраля 1992 года N 2300-1 «О защите прав потребителей».»

3. В части 4 статьи 15 внести изменения следующего содержания:

слова «по проектам и вопросам, указанным в части 3 настоящей статьи,» исключить;

4. В пункт 1 части 4 статьи 27 внести изменения следующего содержания:

после слов «политической партией,» дополнить словами «профсоюзом, зарегистрированным в установленном порядке,»;

5. В пункте 1 части 6 статьи 29 внести изменения следующего содержания:

слова «случаев, предусмотренных федеральными законами, и случаев, если участие в управлении организацией осуществляется в соответствии с законодательством Российской Федерации от имени органа местного самоуправления» заменить словами «участия на безвозмездной основе в деятельности коллегиального органа организации на основании акта Президента Российской Федерации или Правительства Российской Федерации; представления на безвозмездной основе интересов муниципального образования в органах управления и ревизионной комиссии организации, учредителем (акционером, участником) которой является муниципальное образование, в соответствии с муниципальными правовыми актами, определяющими порядок осуществления от имени муниципального образования полномочий учредителя организации или управления находящимися в муниципальной собственности акциями (долями участия в уставном капитале); иных случаев, предусмотренных федеральными законами;»;

б) после слов «политической партией,» дополнить словами «профсоюзом, зарегистрированным в установленном порядке,»;

6. В пункте 1 части 4 статьи 27 внести изменения следующего содержания:

«слова «случаев, предусмотренных федеральными законами, и случаев, если участие в управлении организацией осуществляется в соответствии с законодательством Российской Федерации от имени органа местного самоуправления» заменить словами «участия на безвозмездной основе в деятельности коллегиального органа организации на основании акта Президента Российской Федерации или Правительства Российской Федерации; представления на безвозмездной основе интересов муниципального образования в органах управления и ревизионной комиссии организации, учредителем (акционером, участником) которой является муниципальное образование, в соответствии с муниципальными правовыми актами, определяющими порядок осуществления от имени муниципального образования полномочий учредителя организации или управления находящимися в муниципальной собственности акциями (долями участия в уставном капитале); иных случаев, предусмотренных федеральными законами;»;

7. В часть 4 статьи 50 внести изменения следующего содержания:

«заменить слово «закрытых» словом «непубличных»;

II. Представить на государственную регистрацию в Управление Министерства Юстиции Российской Федерации по Республике Дагестан настоящее решение.

III. Настоящее решение вступает в силу со дня его официального опубликования (обнародования) после его государственной регистрации.

**Председатель Собрания**
**К. Асадулаев**

**Глава района**
**И. Нурмагомедов**

## МУНИЦИПАЛЬНОЕ ОБРАЗОВАНИЕ «с/с Балаханский»

### РАСПОРЯЖЕНИЕ

**«18» 03 2019 г. № 4**

Руководствуясь правилами проведения конкурса или аукционов на право заключения договоров аренды, договоров безвозмездного пользования договоров доверительного управления имуществом, иных договоров предусматривающих переход прав в отношении государственного или муниципального имущества, утвержденными приказом Федерального антимонопольного службы РФ от 10.02.2010 г. № 67.

1. Провести открытый аукцион на право заключения договора аренды муниципального имущества – земель сельскохозяйственного назначения площадью 20000 кв. м.

2. Утвердить:

1) извещение о проведении аукциона на право заключения договора аренды муниципального имущества – земель сельскохозяйственного назначения площадью 20000 кв. м.

2) документацию об аукционе на право заключения договора аренды муниципального имущества – земель сельскохозяйственного назначения площадью 20000 кв. м. (приложение № 2).

3) Заместителю главы МО «с/с Балаханский» Тажбудинову Абдулгамиду Абдулаевичу - ответственного за осуществление муниципального земельного контроля на всей территории МО «с/с Балаханский» организовать размещение извещения о проведении аукциона и документации об аукционе на сайтах mo-dalakhani/rn; www uncukuI ru/; и районной газете «САДОВОД».

4 Контроль над выполнением данного распоряжения оставляю за собой.

**НУРМАГОМЕДОВ У. М.**
**Глава администрации МО «с/с Балаханский»**

## Проводит Всероссийскую олимпиаду

Медиагруппа «Актион-МЦФЭР» при поддержке Министерства труда и социальной защиты Российской Федерации проводит Всероссийскую олимпиаду для специалистов по охране труда – 2019. Цель Олимпиады – повышение престижа профессии специалиста по охране труда. По итогам Олимпиады будет сформирован официальный реестр специалистов по охране труда. Все участники получат сертификаты, подтверждающие уровень знаний. По итогам Олимпиады будет определен лучший специалист по охране труда России и в каждом федеральном округе: Центральном, Северо-Западном, Южном, Северо-Кавказском, Приволжском, Сибирском, Дальневосточном, Уральском. Лучший специалист по охране труда России получит 100 000 рублей. Лучший специалист в каждом федеральном округе - 50 000 рублей.

Чтобы принять участие в данном мероприятии, нужно зарегистрироваться на сайте www.olimpiada . t rudohrana.ru – регистрация открыта до 28 февраля 2019 года, изучить ключевые вопросы охраны труда и пройти тестирование. Сумма баллов и время ответов на вопросы определяет место в рейтинге.

**М. МАГОМЕДАЛИЕВ**

**Ахихъан**
Районалъул газета
№ 14 (7363)
Хамиз
28 Март 2019 сон

3 гьумер

**Дие вокьуларо кьижун чIарав чи,
РахIат хиралъиялъ хун унев инсан.
Цинги вокьуларо пударулев чи,
Пайда гьечIолъиялъ чIунтарав гIадан.**

# Мактаб



## ХIалбихьиялъулаб ЕГЭялъул хIасилазул бицана



Араб анкьалда райадминистрациялъул конференц-залалда букIана лъай кьеялъул отделалъ тIобитIараб хIалбихьиялъул ЕГЭялъул хIасилал гьоркьоб лъураб данделъи. Гьенир гIахьаллъана киналго лъай кьеялъул школазул директорал, отделалъул хIалтIухъаби, ассоциациязул нухмалъулел.

Къойил темаялда аслияб суал букIана хIалбихьиялъул ЕГЭязул мориторингалъул хIасилал гьоркьор лъей. Гьел рукIана математикаялъул ва базовияб гIурус мацIалъул.

Данделъи рагьулаго Л. МухIамадгIалиевас бихьизабуна цогояв пачалихъиял экзаменал лъикI иналъе районалда гIемерал хIалтIаби гьарулел ругин. «ГIурус мацIалъул экзаменал кьуна I23 цIалдохъанас, гьелъул хIасилал квешал ккечIо»,-ян абуна гьес.

ХIалбихьиялъул экзаменал щибаб школалда араб куцалъул бицана математикаялъул ассоциациялъул нухмалъулей С. Сулеймановалъ, гIурус мацIалъул ва литератураялъул - ассоциациялъул нухмалъулей Р. ХIамзатовалъги.

С. Сулеймановалъ жиндирго кIалъаялда абуна: «Щивасда лъала ЕГЭ тIобитIиялъул бугеб мурад – лъай бугел ратIа рахъи, цощина кьезе кIоларел ругони, тIад хIалтIи».

Гьединго Р. ХIамзатовалъ тIадчIей гьабуна: «Нужеда лъала, I23 цIалдохъанас кьуна гIурус мацIалъул ва литератураялъул экзаменал. Гьелдасан гIодобегIанисеб кIалтIу бахинчIо I8 чияс, гьелъие цо-цоязул гIечIо I-2 балл. Гьелъ бицунеб буго жеги тIад хIалтIи букIине ккеялъул. ХIалбихьиялъ бихьизабулеб буго гьединал экзаменал тIоритIиялъ цIалдохъабазулъ жигарчилъи борхулеб букIин»,-ян абуна гьелъ. Бихьизабуна гьединго цIалул хадургъей математикаялъул 60 % ва гIурус мацIалъул 85 % бугиланги.

Хадуб щивав директорас бицана школазда бугеб хIалалъул. Гьединго информационниябгун методикияб централъул нач. С. ГIабдурахIмановалъ тIадчIей гьабуна гьаб соналда рукIине бегьулел медалистазда.

Харжал рорхизариялъул бугеб хIал бичIчIизабун кIалъана Г. ГIабдулаева. Гьединго гьелъ тIадчIей гьабуна тIадегIанаб лъай гьечIого педагоглъиялъул бутIабазда хIалтIизе бегьуларин.

Ахиралда кIалъана Шамильхъалаялъул школалъул директорасул зам. А. МухIамадгIалиев. Гьес бицана интернет-технологияги хIалтIизабун экзаменал кьезе лъимал хIадурулел ругеб куцалъул. «Руго гIемерал портал КИМал лъурал, хасал текстал ва цогидабги лъун лъимал хIадуриялъе ресал ругел. Выпускникал хьезаризе ккола хIадурлъиялъе кумек бугебщиналдалъун. Гьеб лъикI гIуцIун буго нижер школалда,-ян бихьизабуна гьес.

## Гьадингояб жо гуро

(Кинал кIвар бугел жалазул бицине кколеб I4 сон базегIан лъималазда)

I. Кваналеб бугеб квен гIорцIун ругони, лъугIизабизе кколаро. Гьеб гьадингояб жо кколаро, цIакьго лъимадул букIинеселда тIад асар гьабулеб хIужа ккола. Бищунго кIвар бугезул аслу ва культура хвезаби ккола гIорцIун вукIин лъалеб букIаго чIандей. Гьелъ кIудияб асар гьабула чорхол гIеялъе гуреби сахлъиялъеги.

2. ГIемерисел гIададамазда абизе кIоларо лъикIалгIаги квешалгIаги ругилан. Гьелъухъ гьел рихинеги бегьуларо. Лъимада бичIчIизабизе ккола чияр гIунгутIабазда тIад рекъезе кколеблъи.

3. Дуца лъиданиги бичIчIизабизе кколаро мун сундуегIаги ярагьунев вукIин. Цевехъанищ гIезевулев вугев? Гьеб качество цебетIезабизе бажаруларо, гьеб тIабигIаталдаго кьун букIуна, музыкалияб слухго гIадин. Лъималазулъ амбиция борчIизабулелищ ругел? РакIалде щва «Москва слезам не верить» абураб фильмалдаса «Кинабго гьабун бажаридал, бацIихъего рурудизе бокьула»,- абураб аби.

4. Лъай щвей хIажатаб жо буго, амма церетIеялъе гьеб гIоларо. БатIи-батIиял жалазул интерес гьабе, церетIезаве, мунго вате,-ян малъе лъималазда.

5. ГIицIго гIаммал стандартазда рекъон гIумро гьабизе бегьуларо, бетIер сверулеб карьераялъул талихI бокьун батани, кинабго рахъалъ цеве тIезе ккола.

6. Нилъеца киназго риччала гьалатIал. Лъимал ругьун гьаризе ккола: тIаса лъугьа, дун мекьи ккана,-ян абизе ва ругьун гьаризе ккола жидер ишазе гIоло жаваб кьезе. Полиллъиялде вахунеб гIужалда гьелде ругьун гьаруни, битIараб гIумроялде ругьунлъула гьел.

## Внимание, дети!

В целях активизации работы по профилактике ДДТТ и обеспечения безопасности несовершеннолетних в период школьных каникул, с 24.03 по 08.04.2019 г. на территории района будет проведен этап профилактической акции «Внимание дети». Данная акция проводится в целях исключения фактов нарушения правил перевозки детей в том числе без использования удерживающих устройств, а также управления автотранспортом несовершеннолетними.

**МУХТАРОВ Р. М.**
**И. о. начальника ОГИБДД ОМВД России по Унцукульскому району, старший лейтенант полиции.**

## Саназде рахинчIезул Комиссиялъул данделъи



Араб анкьалда райадминистрациялъул конференц – залалда тIобитIана саназде рахинчIел лъималазулгун хIалтIи гьабулеб комиссиялъул данделъи. Гьеб бачана районалъул бетIерасул зам М. ХIасановалъ.

Данделъиялда гIахьаллъана Комиссиялъул жавабияй секретарь П. НурмухIамадова, районалда бугеб Россиялъул ОМВДялъул саназде рахинчIел лъималазда гьоркьоб хIалтIи гьабиялъул инспектор Ш. ГIумаров, администрациялъул юрист У. Бартыханова, АТКялъул вед. специалист ГI. ГIусманова, КСЦОНалъул хъизанлъималазул отделалъул зав. П. ХIамзатова, лъай кьеялъул хIалтIухъан З. ГIусманова, опекаялъул ва попечительствоялъул отделалъул специалист К. МухIамадгIалиев, хIалтIудалъун гIадамал хьезариялъул централъул вед. специалист Р. МухIамадгIалиев.

Ш. ГIумаровас данделъаразулгун лъай-хъвай гьабуна ПДНалъул цIи тIамурав специалист ХI-М. ХIасановасулгун.

Данделъи рагьулаго М. ХIасановалъ бихьизабуна «Гьаб кколин нилъер 2019 соналда тIобитIулеб тIоцебесеб заседание» - абун.

П. НурмухIамадовалъ данделъаразул лъай-хъвай гьабуна лъагIалие гьабураб планалъул. Гьенибго балагьана опекаялъул ва попечительствоялъул отделалъ бесдал лъималазе жанир чIезе рукъзал рукIинариялъе гьарурал хIалтIабазухъ. Гьелъул бицана К. МухIамадгIалиевас.

НВФялъул членазул лъималазул тIоцебесеб кварталалда бугеб хIалалъул хIакъалъулъ бицана ГI. ГIусмановалъ: «Гьал къоязда ниж щвана Генуб ва заманаялъулаб поселокалда ругел 5 хъизаналъухъе. Хал гьаруна гIумро гьабиялъе ругел шартIал, гьезул гIарзал гьечIо» - ян бихьизабуна гьелъ. Гьединго гьелъ тIадчIей гьабуна АТКялдасан 10 рес къотIарал хъизаназе материалияб кумек гьабунин.

Хадур ралагьана ОМВДялъул ПДНалъул инспекторасул суалазухъ;

1. РДялъул МВДялъул номер 26/1472 бугеб 2018 соналъул 5 марталда къватIибе бахъараб «Лъай кьеялъул учреждениязда хIинкъи гьечIолъи букIинабиялъул».

2. РДялъул МВДялъул № 32/1836 бугеб 2019 соналъул 7 марталда къватIибе бахъараб «РДялъул лъай кьеялъул ва школалъул гIумроялде рахинчIел учреждениязда хIинкъи гьечIолъи букIинабиялъул мурадалда профилактикияб, оперативиябгун-розыскнияб хIалтIи хIаракатчилъизабиялъул».

3. ТIолалго лъимал цIалул процессалда гьоркьоре рачиналъул хIалтIи гIуцIиялъул.

Заседаниялда балагьана саназде рахинчIел лъималазул школазде хьвадунгутIиялъул хIужабазул ва цогидал гьезул ихтияр хвезариялъул материалазухъ.

Комиссиялъул заседаниялъул хIасилазухъги балагьун хIисабалде росана профилактикияб учеталде росизе гIадлу хвезабизе бегьулел лъимал. Гьел росизе социалиял органазул учеталдеги, гIагарлъиялъ ва тIаде кколел организацияз хъаравуллъи чIезабизе гьединал лъималазда хадуб. Гьединго лъай кьеялъул отделалъе лъикIаблъун бихьизабуна школазде хьвадуларел лъимал ругел хъизаназда тIад асар гьабизе.

Поэзиялъул букIон

# Дуеги бокьун бугищ?

Нухал рахалел руго
Ходал риччалел гьечIо,
Гьанже гIолеб гIелалъе
ГIемер цIакъ захIмат буго.

Цо-цо гьалмагълъиялъул
Рилъинцин хисун буго,
Хасият гIамалгицин
ГIарцуде буссун буго.

ГIемераб боцIи бугев
ЦIогьор модалда вуго,
Долларал цIикIарасул
ЦIар борхалъуда буго.

Дуеги бокьун бугищ
Додинавлъун вукIине?
Дир гIакъло гIадахъ босе
ГIарцуда хадув вахъа.

Холев ватарасдаги
КIалдиб лъинцин тIинкIуге,
ЛъикIав гьудуласеги
Мухь гьечIеб жо гьабуге.

Гьедин битIун ккечIони
Мун дида аскIов вачIа,
ХIасил битIун ккезегIан
ГIарзалъ хьвадилин цадахъ.

# Ургъун вихье, гIоркьилав

Лъади сапаралъ индал
Свердизейищ вахъарав,
СанагIатаб бакI цIехон
ЦIадухъ гIодовищ чIарав?
ГIадада заман биччан
Пайда гьечIилан абун,
Гьайбатай къоролалъул
Къвалакьейищ кIанцIаравЪ
Нагагь лъадуда лъани
ЛъикIабцин букIинадай,
Дур лъимал къоролалъе
КъваригIунго ругодай?
Ургъун вихье, гIоркьилав
ГIакълу дуда батани,
Метерисеб къоялъул
Къисмат щибдай ккелебан!

# Дунги Аллагьасул лагъ кколейлъидал

Гьаб дир къисматалъул къварилъиго щиб
Къасде сардилгIанги кунчIиго гьечIеб,
Цоги гIумроялъул бигъ-бигъинго щиб
Буртина кинигин сап-сапун чIараб.
РахIаталда ругел чагIи рихьидал
Чанго суал кьола дица диего,
Дунги Аллагьасул лагъ кколейлъидал
Лъалареб мунагь щиб дида букIараб?
РекIел чороклъиги чорхолъ гьечIелъул
Гьимилеб батила диеги талихI,
МацIги, гьересиги гьудул гурелъул
Гвангъилеб батила дир нухдаги бакъ.

**Суайбат ХIамзатова**

# *ХIанапил хъумус бикъиялде*

(махсаро)

ХIанапил хъунсиде квер бегьарасул
Кверал гIунтIугеги хIажаталъуре,
ХIарам-хIалалалъул ургъел гьечIезда
Гьод бакьулъ бижаги болъонил гожо.
Габурлъухъ хъумус тун рокъове ине
Багьундай букIараб гьасул гвангвара,
Гьадил хIехь бикIани, лъунеб жо хъумус
Аргъан ун гьечIелъул бай щукрудул как.
Ихтилат-кепалъе мунги гьечIого
Гьанже куладерил бертин лъугьинищ,
ИштIадерил росдал гIарзал рукIунин
Занал рикъулев чи вачIунев гьечIин.
Гъазмаялде нахъе хъабчелев вукIун
КIудияб чIаголъи гьечIо дур лъунеб,
Хъвехъариде хъвезе бачун бачIунеб
Куй капурго хвечIищ гьеб габурлъидухъ.
Гьеб хъумус-аргъаналъ чед дуе кьечIин
Чергес гохIда гьабе, дуйго магIишат,
Дедушкал букIараб бихьин цIолбол ах
ЦIи гьабуни лъела, дуда баракат.

**ЖабрагIил-хIажи ХАЛИДОВ.**

Спорт

# БитI ккаги!



I7-I8 марталда Нальчик шагьаралда рагIалде бахъана Северияб Кавказалъул федералияб округалъул столалда теннис хIаялъул Чемпионат. СКФОялъул регионалдаса гьенир гIахьаллъана I50 спортсмен. Гьел къецазда гIахьаллъана Унсоколо районалъул Балахьуни росулъа МухIамад АхIматIхъановги. Къецазда жиндиргояб турниралда гьес тIоцебесеб бакI ккуна 4 нухалъ ва вахъана Северияб Кавказалъул федералияб округалъул гIолилазул первенствоялда бергьаравлъун. М. АхIматIхъановасе гьениб щвана Россиялъул Уфа шагьаралъул чемпионаталде ине путевка.

РакI-ракIалъ баркула гIолиласда гьеб гвангъараб бергьенлъи. Гьарула хадусел къецалги гьединалго хIасилалгун ин. БитI ккаги, дуе, къецазулъ ва гIумроялъулъ!

## РакI- ракIалъ баркула!



Гьаб соналъул 16 марталда республикаялъул ушу-сандаялъул ММА версиялъул къецазда тIадегIанаб хIасилгун бергьана ва чемпионлъун вахъана Майданское росулъа Халимбек аулалъул «Пять сторон света» школалда цIалулев МухIамадов МухIамад. Гьев цеве вахъана 40 кг. цIайиялда.

РакI-ракIалъ баркула гIолиласда кIудияб бергьенлъи!

1 апрель - махсарабазул къо

# ЖКХялъул реформа

Подъездалда жаниве лъугьиндал Мухаев цIоро-гъорон хутIула гIадати яб гуреб куцалда нуцIил кверхен бухьун ва цебе турникет лъун батидал Киве?! Ян чIезавуна гьев гIурччинаб униформа ретIарав гIолохъанчияс.

-Кин киве?- ян абуна кколеб бугеб жо бичIчIичIого Мухаевас. –Дирго рокъо ве…

-КIикъоялда анцIго гъурущ,-ян бугеб гьаракьалъ ахIана униформистас,



-хадуб букIина нух…!

-Сундухъ? Кинаб ихтияралда рекъон?,-ян данде ахIдана Мухаевги.

-Мун щив, ахIмакъищ?,-ян гIажаиблъана гIолилав. –ЖККялъул реформа унеб буго, гьасухъ балагье…

-Кинаб реформа,-ян чIичIидана данде Мухаевги.

-Дун хIалтIудаса вачIунев вуго, кьижизе бокьун буго! Виччай дун!...

-Реформаялъул хIакъалъулъ асда щибго лъалеб гьечIо!,-ян бетIер хьвагIана гIолохъанчияс. –Гьанже кинабго рокъоб бугебщинаб жоялъухъ гIарац кьезе кколеблъигийищ дуда лъалареб?

ТIокIалъ къацандизе кIолеб хIал Мухаевасухъ букIинчIо, абураб къадар гIарцулги гIолиласухъ къазабун гьев тIаде вахуна. Лифталда аскIоб гьесда батула «ГIадамал! лифталда рекIаралъухъ гIарац босула»,-ян хъвай-хъваг1ай. ЛъугIизегIан гьеби цIаличIого лъелго вилъуна жиндирго щуабилеб этажалде. Амма тIасияб этажалда гьоркьобги цIиял рухьарал чIалал ва униформа ретIарав херав ватула.

-Нух рагьула къикъоялда анцIго гъурущ кьедал!,-ян хьир-хьидула херуч.

-Дица гьеб гьабсагIаталда кьуна,-ян ахIдола Мухаев.

-Гьеб буго подъездалде ворчIаралъухъ кьураб, гьаб буго болъо хвечIого букIине кьолеб,-ян тIирун чIана херав. –ГIарац кье. Гьеб кьезе ккола щибаб этажалда, реформа, бичIчIизе ккола!

Цабиги къирщизарулаго кьуна Мухаевас кIиабилеб купьюра, цевехун ана, дагьалъ хутIана нух къазе лъураб турникеталда тункичIого. Гьениб аскIобго лъун буго мусор рехулеб проход. Гьас цIалана: «Мусор рехун цо килограммалъухъ I0 гъур.»,-ян чIахIаго хъвараб хъвай-хъвагIай. ГIалхулаб къагIидаялъ ахIдолаго гьес мал бан доба речIчIизабуна нухда лъураб турникет, ахирияб къуватги бакIарун жиндирго этажаялъул площадкаялде вахана. Гьенибги буго цойги цебе лъураб турникет ва цо чIужугIадан.

- Сундухъ,-ян къокъго гьикъана Мухаевас.

-Коридор хIалтIизабуралъухъ гьабсагIаталда I0 гъурущ босун толеб буго. Хадуб балагьизе буго! Реформа!

Мухаевас кисиниса бугеб гIисингIарац бахъула, гьеб чIужугIаданалъухъе бугIула, гIедегIун вортула жиндирго квартиралъуве. Кухнялде рагьула форточка, цоцада хадубгъун хIухьел босула. Гордухъ цо щивалиго хьегIула, гордухъе ваккун вачIуна цIува-гъуварав бакIал раялъул люлькаялъув вахъун чIарав саламатав бихьинчи.

- КIикъоялда анцIго гъурущ баккизабе, бихьинчи,-ян гьес данде бегьун бачIуна бел гIадинаб кIудияб хъат.

-Щиб дуцаги цIияб гьаваялъухъищ гIарац бакIарулеб бугеб?,-ян чIичIидула данде Мухаев.

-Гуро, гьабсагIаталда гIицIго форточкаялдаса пайда босаралъухъ босулеб буго. Гьаваялъул суалалъухъ абуни жеги балагьулел руго. РакIалде ккола гьеб лъикI гIумроялде бахъинабилин. ХIадурлъе, гьалмагъ, реформа!

Районалъул «Ахихъан» газеталъул хIалтIухъабаз гъваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго нижер мухбир МухIамадов Сулейманида ва тIолабго гIагарлъиялда гьесул эбел

**ГIАЙШАТ**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан. Аллагьас гьелъие ахират лъикIаб кьун батаги.

**<u>Газета основана 1937 г.</u>**
**УЧРЕДИТЕЛЬ:**
**Администрация Унцукульского района**
**Главный редактор КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА**

**Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.**
**Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.**

**<u>Адрес редакции:</u>**
**51373**
**Унцукульский район п. Шамилькала ул. М. Дахадаева 3**
**Телефон редактора 89896522856**
**sadovoduns@yandex.ru**
**398940**

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21
Подписано в печать - 27 . 03. 19 г. 16. 00
фактически -16. 30 мин.
........................................
Газета выходит 52 раз в год на аварском и русском языках
Тираж - 1000 экз.